



KHUTBAH JUMAT BAHASA JAWA

KAUTAMAN NUTUP AIB SEDHEREK MUSLIM

Abdul Halim Tri Hantoro, S.Pd.I

Dilengkapi dengan pembukaan khutbah dan doa penutup khutbah

[GRATIS] LANGGANAN MATERI KHUTBAH FORMAT PDF

Segera hubungi WA admin dakwah.id

0895-8060-18090

www.dakwah.id

@dakwahid

@igdkwh

Yuk,
dukung
dakwah.id
dengan
berbelanja buku
di sini

www.bukubagus.id

Ingin berlangganan materi khutbah Jumat
yang akan langsung dikirim
ke nomer WhatsApp?

Caranya mudah.

Sentuh nomor WhatsApp berikut ini:

0895-8060-18090

Atau, bisa juga langsung chat WA ke nomor di atas.

KAUTAMAAN NUTUP AIB SEDHEREK MUSLIM

Pemateri: Abdul Halim Tri Hantoro, S.Pd.I

إِنَّ الْحَمْدَ لِلَّهِ الَّذِي نَحْمَدُهُ وَنَسْتَعِينُهُ وَنَعُوذُ بِاللَّهِ مِنْ شُرُورِ أَنفُسِنَا وَمِنْ سَيِّئَاتِ أَعْمَالِنَا مَنْ يَهْدِهِ اللَّهُ فَلَا مُضِلٌّ لَهُ وَمَنْ يُضْلِلُ فَلَا هَادِيَ لَهُ أَشْهَدُ أَنَّ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيكَ لَهُ وَأَشْهَدُ أَنَّ مُحَمَّداً عَبْدُهُ وَرَسُولُهُ الْأَكْبَرُ مُحَمَّدٌ وَعَلَى آلِهِ وَصَحْبِهِ وَمَنْ تَبَعَهُمْ بِإِيمَانٍ إِلَى يَوْمِ الْقِيَامَةِ . أَمَّا بَعْدُ

عِبَادَ اللَّهِ، أُوصِينَكُمْ وَنَفِيَنِي بِتَشْوِيَّ اللَّهِ عَزَّ وَجَلَّ حِينَثُ قَالَ تَبَارَكَ وَتَعَالَى، أَعُوذُ بِاللَّهِ مِنَ الشَّيْطَانِ الرَّجِيمِ :

يَا أَيُّهَا النَّاسُ اتَّقُوا رَبَّكُمُ الَّذِي خَلَقَكُمْ مِنْ نَفْسٍ وَاحِدَةٍ وَخَلَقَ مِنْهَا زَوْجَهَا وَبَثَ مِنْهُمَا رِجَالًا كَثِيرًا وَنِسَاءً وَاتَّقُوا اللَّهَ الَّذِي تَسَاءَلُونَ بِهِ وَالْأَرْحَامَ إِنَّ اللَّهَ كَانَ عَلَيْكُمْ رَقِيبًا يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا اتَّقُوا اللَّهَ حَقَّ تُقَاتِهِ وَلَا تَمُوشُ إِلَّا وَأَنْتُمْ مُسَلِّمُونَ

يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا اتَّقُوا اللَّهَ وَقُولُوا قَوْلًا سَدِيدًا يُصْلِحُ لَكُمْ أَعْمَالَكُمْ وَيَغْفِرُ لَكُمْ ذُنُوبَكُمْ وَمَنْ يُطِيعِ اللَّهَ وَرَسُولَهُ فَقَدْ فَازَ فَوْزاً عَظِيمًا

فَإِنْ أَصْدَقَ الْحَدِيثَ كِتَابُ اللَّهِ، وَخَيْرُ الْهُدَى هُدْيُ مُحَمَّدٍ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ، وَشَرُّ الْأُمُورِ مُحَدَّثَاهَا، وَكُلُّ مُحَدَّثَةٍ بِدُعْةٍ وَكُلُّ بِدُعَةٍ ضَلَالٌ، وَكُلُّ ضَلَالٌ فِي التَّارِ . أَمَّا بَعْد

Sumangga kita sedaya tansah muji syukur dhumateng ngarsanipun Allah *subhanahu wata'ala*, Dzat kang Maha Welas lan Asih, kanthi paring tumrap hambanipun pinten-pinten kenikmatan, saha nikmat batos punapa badan. Sahingga kanthi nikmat punika, kulo panjenengan sami saget tansah ibadah wonten panggesangan sak meniko.

Shalawat lan salam mugi tansah katetepna dhumateng junjungan kita Rasulullah Muhammad *shallallahu 'alaihi wasallam*, sumrambah dhateng kaluwarganipun para sahabat, ugi para penderekipun dumugi dinten kiamat. Amin

Khatib tansah caos pepenget kagem sedaya jamaah Jumat ingkang minulya, supados ningkataken iman lan takwa dhumateng Allah Ta'ala, awit takwa mujudaken sangu ingkang paling sae rikalanipun ngadhep dhumateng Allah.

Allah Ta'ala paring pangandikan ing surat Ali Imran ayat 102,

يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا اتَّقُوا اللَّهَ حَقًّا تُقَاتَهُ وَلَا تَمُوْزِّنَ إِلَّا وَأَنْتُمْ مُسْلِمُونَ

"He para wong Mukmin kabeh, sira padha wedia ing Allah kalawan sajatining wedi, lan sira aja padha mati, kajaba mati Islam."

Jamaah shalat Jumat ingkang dirahmati Allah

Sapunika kula lan panjenengan mriksani, pripun gampilipun salah setunggaling tiyang mbikak aib sesami, mbalang tudingan, madosi kelepatan tiyang sanes, nyebeluwasaken lan malah ndadosaken aib menika lelucon, mboten rumaosi kados pripun bahayanipun.

Tiyang menika wicanten tanpa nggatosaken awisan agami, wicanten tanpo fakta lan namung nuruti hawa nafsu kemawon. Tiyang menika ugi mboten rumaosi menawi sadaya gineman ingkang medal saking lisanipun mangke badhe dipunsuwuni tanggungjawab wonten ngajengan Allah *subhanahu wata'ala*.

Padahal amal menika kagolong kang ala, akhlak mboten sae lan awisan agama.

Allah Ta'ala sampun dhawuhaken wonten ing al-Quran surat al-Hujurat ayat 12,

يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا اجْتَنِبُوا كَثِيرًا مِّنَ الظُّنُنِ إِنَّ بَعْضَ الظُّنُنِ إِنْ شَاءُ اللَّهُ أَعْلَمُ وَلَا تَجْسِسُوا وَلَا يَغْتَبْ بَعْضُكُمْ
بَعْضًا أَيُّحِبُّ أَحَدُكُمْ أَنْ يَأْكُلَ لَحْمَ أَخِيهِ مَيْتًا فَكَرِهُتُمُوهُ وَاتَّقُوا اللَّهَ إِنَّ اللَّهَ تَوَابُ رَحِيمٌ

"He wong kang podo Iman! sira padha ngedohna ing akeh-akehing panyana, satemene ana saweneh ing panyana iku dosa! Lan sira aja golek-golek alaning liyan, lan 'aja nyatur ala sawenehira marang sawenehe. Apa dhemen ta manawa salah sawijinira iku mangan daginge sadulure dhewe kang wus mati? Mesthi bae sira ora padha dhemen. Sira padha wedia ing Allah, snyata Allah subhanahu wata'ala iku kapareng narima tobat tur Maha Asih."

Tiyang ingkang mboten purun nutup aib sedherekipun, utawi malah remen mbikak lan nyebab aib lan kekirangan sadherekipun sesami muslim angsal anceman ingkang awrat saking Allah Ta'ala.

Allah ndhawuhaken wonte al-Qur'an surat an-Nur ayat 19:

إِنَّ الَّذِينَ يُحْبِطُونَ أَنْ تَشْيَعَ الْفَاجِحَةُ فِي الَّذِينَ آمَنُوا لَهُمْ عَذَابٌ أَلِيمٌ فِي الدُّنْيَا وَالْآخِرَةِ وَاللَّهُ يَعْلَمُ
وَأَنَّمُمْ لَا تَعْلَمُونَ

"Snyatane wong-wong kang ndhemen nyebarake perkara ala ana ing kalangane wong-wong Mu'min iku, yekti dheweke bakal padha kapatrapan siksa kang lara ana ing Donya lan Akherat, lan Allah iku Nguningani, dene sira kabeh ora padha ngerti."

Jamaah shalat Jumat ingkang dirahmati Allah

Lisan menika amanah kangge dipun gunakaken wonten perkawis sae lan minulyo miturut agama lan akal sehat. Menawa tiyang ngumbar aib tiyang sanes langkung-langkung tiyang islam mila kalebet tumindak

nyiakaken amanah, ingkang hukumanipun dosa.

Allah paring firman wonten al-Qur'an surat Qaf ayat 18,

مَا يَلْفِظُ مِنْ قَوْلٍ إِلَّا لَدَيْهِ رَقِيبٌ عَتَيْدٌ

"Manungsa ora angucapake gunem sakecap, kajaba ing sandhinge ana Malaikat Raqib lan Atid."

Imam Ibnu Katsir *rahimahullah* nerangaken menawi saben gineman ingkang dipun sanjangaken manungsa mesthi badhe dipunserat dening Malaikat ingkang senantiasa ngawasi, mboten bakal luput sakecap kemawon.

Mekaten ugi Allah Ta'ala ndhawuhaken wonten al-Quran surat al-Infithar ayat 10-11,

وَإِنَّ عَلَيْكُمْ لَحْظَيْنِ . كَرَامًا كَاتِبِينَ

"Ing mangka tumrap sira kabeh ana Malaikat kang tansah nitipriksa tumindakira. Yaiku para Malaikat kang minulya ing ngarsaing Allah, sarta nulisi amalira."

Dados, mboten dipun pungkuri malih menawi sedaya tembung ingkang medal saking lesan kita ajeng dipunserat dening malaikat. Cathetan puniku dados sangu amalan ingkang badhe ditimbang wonten dinten akhir mangke.

Punapa kita siap kaliyan balesan saking gineman ingkang kula lan panjenengan medalaken?

Jamaah shalat Jumat ingkang dirahmati Allah

Wonten kaedah ing agami Islam inggih menika *al-Jaza' min Jinsil Amal*, bilih balesan saking Allah Ta'ala tumrap setunggalin amal kesaenan menika sami kaliyan amal menika piyambak. Sinten kang seneng nutupi aib sedherek muslimipun, Allah mangke bakal nutupi aibipun wonten ing akhirat.

Kita kadang mboten sadar bilih dosa kang kita tindakke menika wonten kalanipun kanthi sengaja punapa kang mboten sengaja. Ananging sedaya menika tetep dipun suwuni tanggung jawab Allah ing dino kiyamat.

Menawi Allah dereng ngampuni menika aib-aib kita, pramila sinten mawong kang purun dipun lebur sedaya aibe wonten dino kiamat maka padha senengo nutupi aibe sedherek muslim.

Hadits saking sahabat Abu Hurairah, piyambakipun nate mireng Rasulullah *shallallahu 'alaihi wasallam* paring dhawuh wonten ing hadits ingkang dipun riwayataken Imam al-Bukhari lan Muslim,

وَمَنْ سَرَّ رَبُّهُ مُسْلِمًا سَرَّهُ اللَّهُ يَوْمَ الْقِيَامَةِ

“Sapa kang nutupi aibe sedulure islam, mangka Allah bakal nutui aibe ing dino kiamat.”

Jamaah shalat Jumat ingkang dirahmati Allah

Nutup aib sedherek muslim menika maknanipun ampun ngantos napa tumindak ala menika ndadhosaken sedherek kita kala wau lajeng ina lan dados obyek hujatan tiyang kathah, kamangka tiyang kalawau saget diparingi nasehat kanthi pribadi. Kanthi tujuan mugio nasehat pribadi wau saget ndadhosno tiyang menika sadar lan taubat dhumateng Allah Ta’ala.

Langkung-langkung ing wekdal sakmenika, kathah tiyang menika ngumbar aib tiyang sanes kanthi tujuan ndawahaken marwahipun karana tiyang kalawau saingan bisnisipun menawi, utawa lawan politikipun, utawi karana hasud piyambakipun tiyang punika.

Allah ndhawuhaken wonte al-Quran surat an-Nur ayat 19,

إِنَّ الَّذِينَ يُجْزَوْنَ أَنْ تَشْيَعَ الْفَاحِشَةُ فِي الدِّينِ أَمْنُوا لَهُمْ عَذَابٌ أَلِيمٌ فِي الدُّنْيَا وَالْآخِرَةِ وَاللَّهُ يَعْلَمُ
وَأَنْتُمْ لَا تَعْلَمُونَ

“Sanyatane wong-wong kang ndhemen nyebarake perkara ala ana ing kalangane wong-wong Mukmin iku, yekti dheweke bakal padha kapatrapan siksa kang lara ana ing Donya lan Akherat, lan Allah iku Nguningani, dene sira kabeh ora padha ngerti.”

Jamaah shalat Jumat ingkang dirahmati Allah

Mekaten materi khutbah Jumat ingkang saget kawulo sampekaken, inggih punika babagan nglaksanakaken amanah dhateng sesami tiyang Islam nutup aib sedherek Islam. Mugio saget dados pitutur kang manfaat lan nasehat kang minulya kagem khotib pribadi lan jamaah samudayanipun.

أَقُولُ قَوْلِي هَذَا وَأَسْتَغْفِرُ اللَّهَ لِي وَلَكُمْ وَلِسَائِرِ الْمُسْلِمِينَ مِنْ كُلِّ ذَنْبٍ، فَاسْتَغْفِرُوهُ إِنَّهُ هُوَ الْغَفُورُ الرَّحِيمُ.

KHUTBAH KEDUA

الْحَمْدُ لِلَّهِ وَكَفَى، وَأَصَلَّى وَأَسَلَّمَ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ الْمُصَطَّفِي، وَعَلَى آلِهِ وَاصْحَابِهِ أَهْلِ الْوَفَا.
أَشْهَدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيكَ لَهُ، وَأَشْهَدُ أَنَّ سَيِّدَنَا مُحَمَّدًا عَبْدُهُ وَرَسُولَهُ
اللَّهُمَّ صَلِّ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِهِ وَاصْحَابِهِ أَجْمَعِينَ
أَيُّهَا النَّاسُ، اتَّقُوا اللَّهَ، وَافْعُلُوا الْخَيْرَاتِ، وَاجْتَنِبُوا السَّيِّئَاتِ. إِنَّ اللَّهَ وَمَلَائِكَتَهُ يُصَلِّونَ عَلَى الَّذِي
يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا صَلُّوا عَلَيْهِ وَسَلِّمُوا تَسْلِيْمًا.
اللَّهُمَّ صَلِّ وَسَلِّمْ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِ سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى وَاللَّهِ وَاصْحَابِهِ أَجْمَعِينَ وَارْضِ
عَنَّا مَعَهُمْ بِرَحْمَتِكَ يَا أَرْحَمَ الرَّاحِمِينَ
اللَّهُمَّ اغْفِرْ لِلْمُؤْمِنِينَ وَالْمُؤْمَنَاتِ وَالْمُسْلِمِينَ وَالْمُسْلِمَاتِ الْأَخْيَاءُ مِنْهُمْ وَالْأَمْوَاتِ، إِنَّكَ قَرِيبٌ

مَحِينُ الدَّعَوَاتِ.

رَبَّنَا لَا تُؤَاخِذْنَا إِنْ نَسِينَا أَوْ أَخْطَأْنَا رَبَّنَا وَلَا تَحْمِلْ عَلَيْنَا إِصْرًا كَمَا حَمَلْتَهُ عَلَى الَّذِينَ مِنْ قَبْلِنَا
رَبَّنَا وَلَا تُحَمِّلْنَا مَا لَا طَاقَةَ لَنَا بِهِ وَاعْفُ عَنَّا وَاغْفِرْ لَنَا وَارْجُنَا أَنْتَ مَوْلَانَا فَانْصُرْنَا عَلَى الْقَوْمِ
الْكَافِرِينَ -

رَبَّنَا اغْفِرْ لَنَا وَلِإِخْوَانِنَا الَّذِينَ سَبَقُونَا بِالإِيمَانِ وَلَا تَجْعَلْ فِي قُلُوبِنَا غَلَّا لِلَّذِينَ آمَنُوا رَبَّنَا إِنَّكَ
رَءُوفٌ رَّحِيمٌ.

سُبْحَانَ رَبِّكَ رَبِّ الْعِزَّةِ عَمَّا يَصِفُونَ وَسَلَامٌ عَلَى الْمُرْسَلِينَ وَالْحَمْدُ لِلَّهِ رَبِّ الْعَالَمَيْنَ. عِبَادَ اللَّهِ! إِنَّ
اللَّهَ يَأْمُرُ بِالْعَدْلِ وَالْإِحْسَانِ وَإِيتَاءِ ذِي الْقُرْبَى وَيَنْهَا عَنِ الْفَحْشَاءِ وَالْمُنْكَرِ وَالْبَغْيِ يَعِظُكُمْ لَعَلَّكُمْ
تَذَكَّرُونَ وَادْكُرُوا اللَّهَ الْعَظِيمَ يَدْكُرُكُمْ وَاسْكُرُوهُ عَلَى نِعَمِهِ يَزْدَكُرُ وَلَدْكُرُ اللَّهُ أَكْبَرُ أَقِيمُوا الصَّلَاةَ.